

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Métonde jeung Téhnik Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa cara pikeun ngaréngsékeun pasualan panalungtikan anu dilaksanakeun saluyu jeung rarancang, kalawan tujuan pikeun nyangking fakta jeung kacindekan sangkan bisa maham, medar, napsirkeun, jeung ngawasa kana kaayaan. Métonde ogé mangrupa cara gawé pikeun maham jeung ngamutalaah obyék anu dijadikeun sasaran. Ngaliwatan métode anu saluyu jeung hal anu baris ditalungtik, hiji panalungtik henteu saukur mampuh ningali fakta minangka kanyataan tapi ogé mampuh ngira-ngira hal-hal anu bisa lumangsung ngaliwatan éta fakta.

Dina enas-enasna mah métode panalungtikan téh suméndér kana garis-garis pamikiran anu konséptual jeung *prosedural*. Pamikiran konséptual anu mangrupa gagasan-gagasan *orisinal* jeung pamikiran *prosedural* anu dimimitian ku observasi jeung panalungtikan, anu dipungkas ku pertélaan-pertélaan umum. Ku kituna, prosés anu ditangtukeun dina métode panalungtikan pohara sistematis sarta miboga tujuan. Leuwih jembar deui, métodologi téh nyoko kana rarancang dina milih prosedur anu tangtu pikeun nalungtik jeung ngaréngsékeun hiji pasualan.

Dumasar kana hal-hal anu geus dipedar di luhur, tangtuna panalungtikan “Rélevansi Matéri Buku Ajar Basa Sunda SMA/SMK/MA jeung *SKKD*” téh kudu ngalarapkeun hiji métode panalungtikan. Métonde anu saluyu pikeun ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik anu miboga tujuan medar

fénoména-fénoména sarta ngagambarkeun karakteristik hiji hal sakumaha ayana. Sedengkeun téhnik ngumpulkeun datana ngagunakeun téhnik studi dokuméntasi. Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data tina sumber non-manusa. Sumber-sumber dokuméntasi bisa mangrupa dokumén jeung rékaman. Aya sababaraha alesan digunakeunana ieu sumber. Kahiji, sumber-sumber ieu salalawasna aya. Kadua, rékaman jeung dokumén mangrupa sumber informasi anu stabil ditilik tina kaakuratanana dina ngaréfléksikeun kaayaan anu nyampak jeung bisa dianalisis deui tanpa ngalaman parobahan. Katilu, rékaman jeung dokumén mangrupa sumber informasi anu beunghar, rélevan sacara kontékstual. Anu antukna ieu sumber téh henteu saperti réspodén manusa, nya éta non réaktif.

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode deskriptif analitik. Méthode deskriptif analitik digunakeun pikeun nyangking data-data anu geus dianalisis anu satuluyna dipedar kalawan logis ku cara niténan bagéan-bagéan pasualan sacara komprehensif. Di sagigireun éta, deskriptif analitik ogé baris ngagambarkeun obyék panalungtikan sacara sistematis anu satuluyna diwincik kana babagéan analisisna saluyu jeung rumusan masalah anu ditangtukeun dina munggaran panalungtikan.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

1) Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik dokuméntasi. Téhnik studi dokuméntasi digunakeun pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan tingkat rélevansi matéri buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, sarta Santika Basa* jeung *SKKD*.

2) Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan diwincik jadi dua tahap nya éta tahap dokuméntasi jeung tahap ngahijikeun data. Dina tahap dokuméntasi ngawengku tilu tahapan nya éta (1) nataharkeun buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa* pikeun dianalisis tingkat rélevansina jeung *SKKD*, (2) nganalisis buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa* anu suméndér kana instrumén panalungtikanana, jeung (3) nyindekkeun hasil analisis dina runtuyan ungkara kalimah déskripsi. Sedengkeun dina tahap ngahijikeun data, sakabéh data hasil analisis di hijikeun sangkan ngawujud jadi sumber data anu gembleng anu satuluyna bisa ngahasilkeun kacindekan sagemblengna ngeunaan tingkat rélevansi buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa*.

3.2 Sumber Data

Sumber data anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta subjék ti mana data bisa dicangking. Ku lantaran ngagunakeun téhnik dokuméntasi, tangtuna dokumén atawa catetan anu dijadikeun sumber datana sedengkeun eusi catetanana

mangrupa subjék panalungtikan atawa variabel panalungtikan. Di handap mangrupa sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan:

- 1) Buku ajar *Gentra Basa Sunda* kelas X, yasana Drs. Dingding Haérudin, M. Pd, pamedal CV. Atikan Mandiri anu kandelna 128 kaca;
- 2) Buku ajar *Gentra Basa Sunda* kelas XI, yasana Drs. Dingding Haérudin, M. Pd, pamedal CV. Atikan Mandiri anu kandelna 124 kaca;
- 3) Buku ajar *Gentra Basa Sunda* kelas XII, yasana Drs. Dingding Haérudin, M. Pd, pamedal CV. Atikan Mandiri anu kandelna 132 kaca;
- 4) Buku ajar *Pamager Basa* kelas X, yasana Drs. Taufik Faturohman, pamedal CV. Geger Sunten anu kandelna 176 kaca;
- 5) Buku ajar *Pamager Basa* kelas XI, yasana Drs. Taufik Faturohman, pamedal CV. Geger Sunten anu kandelna 176 kaca;
- 6) Buku ajar *Pamager Basa* kelas XII, yasana Drs. Taufik Faturohman, pamedal CV. Geger Sunten anu kandelna 160 kaca;
- 7) Buku ajar *Santika Basa* kelas X, yasana Drs. Dédé Kosasih, M. Si, pamedal CV. Kingqlaban anu kandelna 158 kaca;
- 8) Buku ajar *Santika Basa* kelas XI, yasana Drs. Dédé Kosasih, M. Si, pamedal CV. Kingqlaban anu kandelna 158 kaca;
- 9) Buku ajar *Santika Basa* kelas XII, yasana Drs. Dédé Kosasih, M. Si, pamedal CV. Kingqlaban anu kandelna 150 kaca.

Katerangan : 1 = Ngaregepkeun

2 = Nyarita

3 = Maca

4 = Nulis

b. Analisis Rélevansi Matéri Buku Ajar (Matéri, Standar Kompetensi, jeung Kompetensi Dasar)

Rélevansi Matéri :

No. SK	Kompeténsi Dasar (KD)	Matéri		Rélevansi			Urutan Pidangan
		<i>SKKD</i>	Buku Ajar	R	KR	TR	

Katerangan : R = Rélevan

KR = Kurang Rélevan

TR = Teu Rélevan

Rélevansi Standar Kompetensi :

<i>SKKD</i>	Buku Ajar	Rélevansi			Urutan Pidangan
		R	KR	TR	

Katerangan : R = Rélevan

KR = Kurang Rélevan

TR = Teu Rélevan

Rélevansi Kompetensi Dasar :

Standar Kompetensi (SK)	Kompeténsi Dasar		Rélevansi			Urutan Pidangan
	SKKD	Buku Ajar	R	KR	TR	

Keterangan : R = Rélevan

KR = Kurang Rélevan

TR = Teu Rélevan

c. Analisis Konsép Pangdeudeul Buku Ajar

Standar Kompetensi (SK)	Kompeténsi Dasar (KD)	Matéri Pangdeudeul		Urutan Pidangan
		Kabasaan	Kasusastraan	

3.4 Léngkah-léngkah Garapan

3.4.1 Léngkah Tatahar

- 1) Nangtukeun judul panalungtikan;
- 2) Ngajukeun judul panalungtikan;
- 3) Ngayakeun kajian pustaka;
- 4) Nyusun instrumén anu suméndér kana métode panalungtikan.

3.4.2 Léngkah Ngumpulkeun Data

- 1) Ngumpulkeun sumber data anu aya patalina jeung panalungtikan;
- 2) Nganalisis unggal buku ajar ku instrumén panalungtikan anu geus ditataharkeun.

3.4.3 Léngkah Ngolah Data

- 1) Ngahijikeun data-data anu geus dianalisis;
- 2) Narik kacindekan tina sakabéh data anu nyampak ku déskripsi-déskripsi singget.

